

Plan pou Envesti Kapital (CAPITAL INVESTMENT PLAN) Jou ak Lè Reyinyon Piblik yo

Pandan sezon otòn 2015 lan, MassDOT te òganize plizyè chita pale sou Envestisman nan plizyè kote nan Massachusetts, pou mande piblik la kisa yo ta vle di nan preparasyon sou Plan pou Envesti Kapital (CIP) pandan 5 lane nan MassDOT la, depi lane fiskal 2017 pou rive nan lane fiskal 2021. Nan pwogram miltimilyon dola sa a, nou fè envestisman miltimodal pou lontan nan plizyè kote nan Komonwèlt la; pwogram la kouvri tout sèvis MassDOT tankou granwout, pwojè minisipal, ayewopò rejyonnal, ray tren ak transpò piblik, sa ki vle di tou sèvis MBTA ak Regional Transit Authorities (Ajans Transpò Rejyonnal), ak Registry of Motor Vehicles. MassDOT pral òganize yon seri reyinyon piblik nan plizyè kote nan Komonwèlt la, pou prezante ak pale sou kopi pwovizwa Plan Envestisman Kapital pou 5 lane a. Tanpri, vin jwenn nou lè n ap prezante kopi pwovizwa pou plan CIP la; n ap resevwa plis kòmantè tou, epi n ap reponn tout kesyon ou ka genyen. **Patisipasyon w enpòtan anpil pou tout bagay mache byen!**

Si ou pa kapab vini nan yon reyinyon, ou ka jwenn yon kopi prezantasyon an nan adrès, www.mass.gov/massdot/cip.

Piblik la mèt voye kòmantè nan mesaj elektwonik nan adrès masscip@state.ma.us

Men Dat ak Kote reyinyon piblik yo pral fèt:

- **Lendi 25 avril, 6pm Fitchburg**
Public Library, 610 Main Street
- **Madi 26 avril, 6pm Framingham**
Town Hall, Blumer Room, 150 Concord Street
- **Mèkredi 27 avril, 6pm Barnstable**
Hyannis Transportation Center, 215 Iyannough Road
- **Mèkredi 27 avril, 6pm Greenfield**
Olver Transit Center, Floor 1, 12 Olive Street
- **Jedi 28 avril, 6pm New Bedford**
Public Library, 613 Pleasant Street
- **Lendi 2 me, 6pm Boston (Odisyon piblik)**
Public Library, McKim Building, 230 Dartmouth Street
- **Madi 3 me, 6pm Quincy**
Public Library, 40 Washington Street
- **Mèkredi 4 me, 11am Boston**
State House, 24 Beacon Street, Room 428
- **Mèkredi 4 me, 6pm Lynn**
North Shore Community College, Room LE303, 300 Broad Street
- **Jedi 5 me, 6pm Pittsfield**
City Hall Council Chamber, 70 Allen Street
- **Lendi 9 me, 6:30pm Mansfield**
Qualters Middle School, Auditorium, 240 East Street
- **Madi 10 me, 6:30pm Worcester**
Union Station, 2 Washington Street
- **Madi 10 me, 6pm Westfield**
City Hall Council Chamber, 59 Court Street
- **Mèkredi 11 me, 6pm Andover**
Public Safety Center, 32 North Main Street
- **Jedi 12 me, 6pm Chelsea**
City Hall Council Chamber, 500 Broadway Street

Gen fasilite nan kote sa yo pou moun andikape kapab antre. MassDOT kapab fè aranjman rezonnab gratis pou moun ki mande, oswa li kapab bay asistans nan lang (tankou entèprèt pou pale angle ak siy, ak pou lòt lang, soutit vizib oubyen kontwole pou videyo, aparèy pou moun ki pa tande byen, oswa dokiman nan fòm altènativ, tankou anrejistremant odyo, lang Bray, oswa dokiman ki ekri an gwo lèt) si genyen. Pou mande fè aranjman oubyen pou jwenn asistans nan lang, ou mèt kontakte Dan Fielding nan nimewo telefòn (857) 368-8959 oswa nan adrès elektwonik (Daniel.Fielding@dot.state.ma.us). Demann sa yo dwe fèt pi bonè ou kapab anvan jou reyinyon an. Pou sèvis ki pi difisil pou jwenn yo, tankou lang ki pale ak siy, oswa CART, oswa tradiktè ak entèprèt, demann yo dwe fèt omwen dis (10) jou ouvab davans, anvan jou reyinyon an. Si gen move tan ki pral fèt, anilasyon reyinyon an ap pibliye nan adrès <http://www.massdot.state.ma.us/Highway>